

The seal of the University of Santo Domingo is circular. The outer ring contains the text "LITERIS ANTIQVIS NOVIS INSTITUTIS DECORA" at the top and "CIVICO REGIMINE DONATA A.D. 1846" at the bottom. The inner circle features a detailed illustration of a large, ornate cathedral or church with two prominent towers, set against a background of trees and a horizon line.

Foto: Kyle Klein

# Sant Aprantisaj Kominotè ap Selebre 50 Lane



Sant Aprantisaj Kominotè Cambridge (Community Learning Center, CLC) ap selebre 50<sup>yém</sup> anivèsè li ane sa a. Etabli an 1971, CLS ofri yon latriye klas ak pwogram gratis ki pou ranfòse kapasite grammoun k ap aprann pou transfòme lavi yo ak reyalize potansyèl yo gras ak edikasyon, devlopman konpetans, ak patisipasyon kominotè. Pandan senk deseni pase yo, CLC te sipòte plizyè milye grammoun k ap aprann, sa ki genyen ladann rezidan ki te fèt

ak grandi nan Cambridge, moun ki te soti nan lòt peyi pou abite nan Cambridge, ak refijye ki te vin reloje nan vil la.

"Maria Kefallinou, Direktè Sant Aprantisaj Kominochè a te di "Nou fyè pou nou selebre 50 lane nan sèvis kominote Cambridge." "Pandan ane pase yo, anmil moun orijin ak kilti diferan te antre nan pòt nou yo epi te angaje nan pwogram nou yo, men devouman

Kontinye nan Pai 2



Plan  
Rezilyans  
Cambridge  
Paj 3



Konsèy ak  
Rapèl  
Tan Ivè<sup>1</sup>  
Paj 4-5



**Vil la  
Pral fè  
Woulman  
Charyo Fatra  
Estanda  
pandan  
Prentan sa a  
Paj 6**



**Gran tit  
nan edisyon  
sa a  
tradui  
nan plizyè lang.  
Paj 9-15**

pwofesè, konseye, ak volontè nou yo te rete san li pa chanje.

Nou gen chans konnen elèv nou yo andeyò sal klas yo epi asire ke yo jwenn sipò yo bezwen pou tèt yo ak fanmi yo pou pwospere nan Cambridge epi vin manm aktif nan kominote nou an."

CLC te kòmanse an 1971 kòm yon ti òganizasyon katye ki ofri Edikasyon Bazik pou Granmoun pou rezidan Cambridge yo. An 1981, li te tounen yon divizyon nan Depatman Pwogram Sèvis Moun Vil la (Department of Human Service Programs, DHSP). Jodi a, CLC ofri plis pase 60 klas ak pwogram, ke 23 manm anplwaye a plen tan, 41 manm anplwaye a tan pasyèl ak 90 volontè sipòte. CLC twouve li nan 5 Western Avenue an Central Square, ak yon espas anplis nan North Cambridge, nan 286 Rindge Avenue.

CLC ofri sis nivo kou Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (English for Speakers of Other Languages, ESOL) soti nan Alfabetizasyon Bazik rive nan Anglè Avanse. Pwogram Edikasyon Granmoun Bazik li a prepare elèv yo pou rive genyen ekivalan diplòm segondè yo (HiSET oswa GED). CLC ka prepare pou kou nivo kolèj epi pran kredi nan Bunker Hill Community College gras ak Pwogram Bridge to College la. Pwogram fòmasyon travay, sa ki genyen ladann Pwogram Asistan Enfimyè Sètifye a (Certified Nursing Assistant, CNA) ak Pwogram Fòmasyon Karyè Teknoloji Enfòmasyon an (ke nou ofri an kolaborasyon ak Just-A-Start) ekipe apranti granmoun yo ak konpetans ansanm ak eksperians pou antre nan mache travay konpetitif la. Anplis de sa, gradye CLC yo resevwa bous nan men Zanmi òganizasyon san pwofi CLC a epi kontinye edikasyon yo.

Lara Rangel ki se yon gradye 2021 nan pwogram ESOL CLC a te eksplike "Li enposib pou m pale de lavi m nan Cambridge san mwen pa pale de Sant Aprantisaj Kominotè a." "Lè mwen te soti Brezil pou vini Etazini ansanm ak mari mwen... Mwen te pè pou m twouve m yon espas kote m pa ka kominike. Lavi mwen te chanje lè mwen te kòmanse aprann nan CLC a.

Mwen te santi m an sekirite la, epi pwofesè yo toujou la pou reponn kesyon w yo. CLC pa sèlman ede etidyan aprann Anglè oswa jwenn yon travay. Yo ede nou devlope mwayan pou nou viv."



Foto gradyasyon Klas Sitwayèntre a ki te pran avan pandemi COVID-19 la.

Nan kad DHSP, etidyan CLC yo gendwa gen aksè ak gadri, lojman, ak resous travay ki disponib pou Vil la ak lòt òganizasyon kominotè. Ekip Angajman Kominotè (Community Engagement Team, CET) a ki base nan CLC kontakte fanmi Cambridge ki pa resevwa ase sèvis epi konekte yo ak evenman ak resous kominotè, devlope lidè kominotè, ak ajans sipò nan travay nan fason ki pi efikas ak manm kominote divès nou an. CET genyen ladann Manm Sansibilizasyon ki soti nan kominote Ameriken Nwa, Benngladechi, Etyopyen, Ayisyen, Panyòl ak kominote ki pale Arab, k ap asire ke kominote sa yo jwenn aksè ak sèvis ansanm ak resous atravè Cambridge.

## Mesaj Administratè Vil la kontinye nan kouvèti

genyen ladann modènizasyon Sennott Park nan The Port ak de espas ouvè anplis nan East Cambridge.

San nou pa mete ladann Fresh Pond Golf Course, genyen anviwon 265 ak espas ouvè ke Vil la posede nan Cambridge pou rezidan ak vizitè yo pwofite. Puiske nou se youn nan vil ki genyen pi gwo dansite popilasyon nan peyi a, konpetisyon ak demann pou espas ouvè wo anpil. Lè te genyen opòtinite ra pou achte anviwon ka ak espas ouvè te parèt nan vil la nan fen 2020 an administrasyon Vil la ak Konsèy Vil la te aji vit pou achte sit Buckingham Browne & Nichols pou \$18.5 milyon. Pwopriete sa a - yon ti distans tou kout parapò ak Tobin School Complex - twouve li atravè Fresh Pond Parkway ki nan Etablisman Tretman Dlo a ak Kingsley Park. Paske nou kontinye jere nan fason responsab zafè fiskal Vil la, nou te nan yon pozisyon pou fè acha sa a pandan n ap kontinye envestisman enpòtan anplis nan pwojè espas ouvè bon jan kalite ki pral pote benefis dirèk pou rezidan nou yo pou jenerasyon k ap vini yo.

Ofiramezi espas ouvè nou yo ap evolye, Vil la ap chache asire li ke chanjman sa yo reflete valè kominote yo epi li te etabli yon pwosesis planifikasyon espas ouvè ki aktyèlman an pwogresyon. Sa pral gide travay pi devan ki anrapò ak pak ak espas ouvè, epi m ap ankouraje w enplike w nan pwosesis planifikasyon esansyèl sa a pou kominote a. Ou ka aprann plis sou pwosesis sa a nan [Cambridgema.gov/openspacesurvey](http://Cambridgema.gov/openspacesurvey).

Jan sa toujou fèt, se ak plezi m ap akeyi fidbak oswa lide nou voye ban mwen, pou sa rele biwo mwen nan 617-349-4300 oswa voye yon imèl ban mwen nan citymanager@cambridgema.gov.

Tout etidyan CLC yo, ki nan tranch laj 18 a 80 lane genyen aksè ak yon varyete sipò ak sèvis ki genyen ladann edikasyon ak konsèy karyè, alfabetizasyon fanmi, klas pou granmoun aje, kou patikilye gratis, klas enfòmatik, atelye fòmasyon travay, opòtinite lidèchip, ak referans nan òganizasyon lokal. Etidyan CLC yo ka patisiye tou nan klas Sitwayèntre, sa ki prepare etidyan yo pou yo pase egzamen Sitwayèntre Ameriken an. Depi 2000 plis pase 200 etidyan CLC te tounen sitwayen Ameriken.

Administratè Vil la Louis A. DePasquale te di "Cambridge se yon kominote akeyan ak divès, epi Kominote Aprantisaj Kominotè a jwe yon wòl fondamantal nan sipòte valè sa yo nan vil nou an." "Mwen admire gwo devouman anplwaye, pwofesè ak volontè CLC yo. "Pwogram CLC ofri a ak enpak dirab li genyen sou etidyan yo fè Cambridge tounen yon plas ki pi dinamik pou moun viv ak travay."

Pandan dènye senk deseni yo, CLC te rete yon kote ki bay pwoteksyon epi ki akeyan pou moun ki soti nan tout kilti ak orijin. Lè yo te fè fas ak difikilte san presedan pandan pandemi COVID-19 la, anplwaye ak volontè CLC yo te adapte yo byen vit pou sipòte etidyan yo pandan karantèn nan. Anplis lefèt ke yo te ede etidyan yo fè tranzisyon ak aprantisaj vityè la epi rete konekte ak pwofesè yo ansanm ak kamarad klas yo, CLC a te travay ak patnè kominotè ki genyen ladann Cambridge Public Library pou li te ka jwenn Chromebook, pwen aksè, ak wèbkam yon fason pou etidyan yo te ka kontinye edikasyon yo san danje.

Pou plis enfòmasyon sou Sant Aprantisaj Kominotè a, vizite [Cambridgema.gov/CLC](http://Cambridgema.gov/CLC).

# Plan Rezilyans Cambridge la Ap Sèvi Gid pou Diminye Risk Chanjman Klimatik

An jiye, Vil la te pibliye Plan Rezilyans Cambridge la, k ap sèvi fèy de wout pou diminye risk ki asosye ak chanjman klimatik epi ede prepare kominote a pou enpak ke li pa ka evite. Plan an fokalize sou risk ki asosye ak chanjman klimatik soti nan ogmantasyon tanperati, ogmantasyon presipitasyon, ak ogmantasyon nivo lanmè, rive 2030 ak 2070.

Planifikasyon rezilyans lan te devlope apati yon pwosesis kominotè ki te kòmanse ak Evalyasyon Vilnerabilite Chanjman Klimatik la, yon "tès estrès klimatik" ki te mande sa k ap rive Cambridge fizikman ak sosyalman si nou wè plis dlo ak chalè epi nou pa poze ankenn aksyon. Rezidan, biznis, enstitisyon, ak òganizasyon kominotè te angaje nan reyinyon publik, atelye, gwooup diskisyon, ak sondaj pou konprann sa chanjman klimatik vle di pou Cambridge ak ki kalite estrateji te kapab efikas, reyalizab ak ekitab.

Plan Rezilyans Cambridge la baze sou lide ke Cambridge bati sou klima tan pase yo epi li dwe adapte ak klima k ap chanje a ansamn ak avni an. 34 estrateji nan plan an vize ogmante rezilyans fizik ak sosyal gras ak kat kategori aksyon: Katye ki pi Rapwoche, Meyè Biling, Enfrastrikti pi Solid, ak yon Vil ki pi Vèt. Epi genyen wòl pou tout pati nan kominote a - rezidan, enstitisyon, gouvènman ak biznis. Pou sa reysi tout moun dwe fè pati pa yo epi kolabore.

Yo gendwa diminye gwo risk chalè gras ak enstalasyon plis sifas vejetal tankou jaden lapli, twati vèt, plis pak, ogmante kouvè vejetal la, ak ogmante fason enèji solèy la reflete gras ak twati ak wout ki gen koulè lejè. Risk inondasyon akoz gwo lapli entans gendwa redui gras ak sitèn estokaj souteren pou dlo lapli, twati vèt ak ble (sa vle di estoke nan fason tanporè dlo sou tèt kay yo), ak enfrastrikti vèt tankou jaden lapli. Gwo tanpèt k ap ogmante nivo lanmè a ka bloke gras ak yon sistèm baryè reyjonal. Alòske yo ka redui risk yo, yo pa ka elimine yo totalman, donk dwe genyen demach ki fèt pou prepare pou enpak ki pa ka evite.

Sa ki te kowòdone Plan Rezilyans Cambridge la se te Plan Prensipal Forè Iben an, plan tout vil la Vizyone Cambridge, Plan Aksyon Net Zewo a, ak Plan Amelyorasyon Sante Kominotè a.



Genyen anpil aksyon rezilyans klima ki gentan fèt oswa ki an developman. Plan Prensipal Forè Iben an te ogmante plante pye bwa ak swen sou pwopriete publik ak prive. Gen yon kantite pwojè estokaj souteren dlo lapli, ki genyen ladann Pwojè Enfrastrikti The Port la, ke Depatman Travay Biblik kontinye enplemente. Gwooup Travay Zonaj Rezilyans Chanjman Klimatik pral bay rekòmandasyon pou kodifye egzijans nan zonaj pou inondasyonak chalè. Nouvo pwojè developman tankou pwojè lojman Finch Cambridge la, fèt pou elevasyon inondasyon 2070. Refleksyon twati te kontinye ogmante depi 2008 sa ke yon montre sou Tablo Kontwòl Chalè Iben Cambridge la, [Cambridgema.gov/urbanheatdashboard](http://Cambridgema.gov/urbanheatdashboard). Epi Kò Kominotè Depatman Sante Biblik Cambridge, ki te fòme pandan pandemi COVID-19 la, ap dirije efò li yo nan kesyon rezilyans. Cambridge te patisipe tou nan twa kolaborasyon reyjonal chanjman klimatik ak vil ansamn ak eta ki nan vwazinaj la.

Yon rapò rezime ki gen pou tit Vil Rezilyan Moun Rezilyan, ofri yon ti apèsi sou plan an. Bwat Zouti Rezilyans Klima, ki genyen ladann rekòmandasyon ak resous, te kreye pou lokatè, pwoprietè kay, ti biznis, ak gwo òganizasyon.

Nou ankouraje moun Cambridge yo pou aprann sou plan an ak fason pou yo patisipe pou rann Cambridge pi rezilyan ak chanjman klimatik [Cambridgema.gov/resilientcambridge](http://Cambridgema.gov/resilientcambridge).

## Amelyorasyon Pò pou Rezoud Pwoblèm Inondasyon, Lari, Twotwa, ak Espas Ouvè

Katye Port la vilnerab ak inondasyon epi evalyasyon Vil la pou chanjman klimatik te montre ke risk inondasyon ap ogmante, akoz tanpèt kout ki pase pi souvan, epi ki pi entans. Dezyèm faz Pwojè Amelyorasyon Enfrastrikti Pò a, ki aktyèlman an developman, pral diminye frekans ak gravite inondasyon akoz tanpèt ak egou yo k ap rejte dlo nan katye a, epi amelyore sifas enfrastrikti katye a, ki genyen ladann ri, twotwa, pyebwa pou lonbray, peyizaj, ak espas ouvri.

Faz 1 te genyen ladann konstwiksyon yon sitèn souteren pou dlo lapli nan Paking 6 (PL6) nan Bishop Allen Drive. Sitèn nan te vin operasyonèl an me 2021 epi li te pote avantaj imeda pandan ke li te diminye inondasyon nan The Port pandan lapli ki te tonbe souvan pandan ete 2021. Sitèn ak ponpè estasyon an estoke anviwon 400 000 galon dlo lapli epi ponpe a yon vitès plis pase 6 000 galon pa minit pandan lapli ki te tonbe 2 jiyè 2021 an. Avan enstalasyon sitèn estokaj dlo lapli sa yo, lapli jiyè yo ta pral lakoz inondasyon enpòtan nan katye a.

Nan Faz 2 a, y ap konstwi sitèn souteren ak egou estokaj nan The Port. Faz 2 a genyen ladann tou amelyorasyon sèvis souteren ki deja la yo, ak ri, twotwa, ak lòt espas publik ouvri nan Zòn Pwojè a.

Vil la pran angajman tou pou ogmante kouvèti pyebwa epi redui espas pave yo nan The Port nan kad pwojè sa a. Ete nou yo ap vin pi cho akoz chanjman klimatik. Pye bwa diminye tanperati w "santi" a, redui depans refwadisman adomisil, ak amelyore kalite lè a.

Yon gwoup travay ki genyen ladann rezidan katye a te etabli pou konseye Vil la sou pwojè a epi fè efò sansibilizasyon aktyèlman an mach pou tande fidbak katye a sou amelyorasyon sa yo. Pou plis enfòmasyon sou pwojè a ak fason w ka enplike, vizite [Cambridgema.gov/theport](http://Cambridgema.gov/theport).

# Konsèy ak Rapèl Tan Ivè

Ak sezon ivè a ki rive sou nou, tanpri revize rapèl itil sa yo pou rezidan ak mèt pwopriyete.

Vil la pral trete tout ri majè yo ak pwodui chimik nan entèval twazèdtan avan nèj kòmanse tonbe, sanble yo pandan tout etap tanpèt la, epi travay pou netwaye tout lari ak twotwa ki bò kote pwopriyete Vil la yon fwa tanpèt la pase.

Nan kèlka ka, Depatman Travay Piblik la aplike pwodui sale sou fòm likid sou wout la avan nèj ak glas fòme epi anpeche nèj ak glas fòme epi kole ak sifas lari a. Kontrèman ak sèl an gren ki ka deplase sou wout la oswa kole sou sifas nèj ak glas, pwodui sale a kòmanse travay imedyatman ke li antre an kontak ak presipitasyon. Kòm rezulta li vin pi fasil pou retire nèj nan fason ki pi efikas. Anplis de sa sèvi ak pwodui sale sa a diminye enpak sou anviwònman an a anviwon 30% mwens sèl epi diminye kantite sèl k ap tonbe nan pui ak pasaj dlo yo.

N ap kontinye evalye pwosesis pou retire nèj nan fason efikas nan mezi sa posib epi investi nan nouvo ekipman ak tout estrateji ki bon pou anviwònman an pou rann twotwa ak lari Vil la san danje epi pasab pou tout itilizatè.



## Kenbe Twotwa, Bòn Ensandi ak Basen Kaptaj yo Lib

Ou gendwa fè pati pa w la pandan w ap ede tout kominote a lè w retire nèj ak glas

**Kòm rapèl, selon Òdonans Vil la:**

- \* Mèt pwopriyete yo responsab pou retire nèj nan twotwa ki bò pwopriyete oswa biznis yo nan entèval 12 èdtan apre li fin sispann tonbe pandan jounen an, epi avan 1è p.m. lè li te tonbe pandan sware a. Espas ki dgaje sou twotwa a ta dwe 3-4 pye lajè, pou pèmèt chèz woulant ak pousett pase. Mèt pwopriyete yo dwe degaje tou tout twotwa sou tout bò epi netwaye ranp nan pasaj pyeton yo.
- \* Retire oswa fonn tout glas nan entèval 6 èdtan parapò ak tan li fòme a. Si w pa la, se toujou responsablite w pou w asire ke yon moun ap degaje twotwa ak ranp ki tou pre pwopriyete w la. Amand w ap peye si w pa respekte òdonans pou w netwaye twotwa Vil la se \$50/jou.



# Mizajou sou Tanpèt ak Enfòmasyon Paking

## Vizite Sant Nèj Cambridge, Cambridgema.gov/snow

Sant Nèj Vil Cambridge, [Cambridgema.gov/snow](http://Cambridgema.gov/snow),  
genyen ladann enfòmasyon ak mizajou sou restriksyon paking ijans  
nèj, paking altènativ ki pa nan lari a, ak kloti. Menm si pa genyen ijans  
nèj ki deklare, tanpri sonje konsèy jeneral sa yo pou pake nan lari:

- \* Pake a anviwon 20 pye parapò ak kwen lari yo yon fason pou traktè yo ka pouse nèj yo lwen pasaj pyeton yo. Pake lwen kwen yo amelyore vizibilité ak sekirite pandan tout ane a.
- \* Li ilegal pou sèvi ak yon objè pou w kenbe yon espas paking ki vid; y ap retire objè ki nan espas paking nan lari a.

### Pwogram Egzanpsyón Nèj ak Asistans Pele

Rezidan ki genyen - salè fèb ki granmoun oswa ki genyen yon andikap gendwa kalifye pou Pwogram Egzanpsyón Nèj Vil la. Pou plis enfòmasyon, rele Konsèy Cambridge sou Vyeyisman, 617- 349- 6220 (vwa) oswa 617- 349- 6050 (TTY).

Si w pa kalifye, Konsèy sou Vyeyisman an ka ofri yon lis limite konpayi pwofesyonèl k ap retire nèj ak etidyan ki pral pele pou yon frè negosye.

### Enskri pou Alèt Nèj

Enskri pou resevwa Entèdiksyon Paking Ijans Nèj pa telefòn, tèks, oswa imèl sou [Cambridgema.gov/ subscribe](http://Cambridgema.gov/subscribe), oswa swiv nou sou Twitter ak [@CambMA](https://twitter.com/CambMA) ak sou Facebook pou mizajou. Vil la ap sèvi ak ach tag #CambMASnow sou Twitter pou ede publik la swiv konvèsasyon an.

### Rapòte Pwooblèm yo Sou Entènèt oswa Sèvi ak Telefòn Entèlijan w

Ou wè twotwa, vwa bisiklèt, oswa ri ki bezwen netwaye? Rapòte yon pwooblèm pran sèlman yon minit epi l ap ede rann lari ak twotwa nou yo pi an sekirite. Telechaje aplikasyon gratis Commonwealth Connect pou iPhone oswa Android oswa rapòte sou entènèt nan [Cambridgema.gov/311](http://Cambridgema.gov/311)

### Prepare pou Tanpèt Ivè yo

- \* Asire w ke w genyen ase kabiran chofaj jiskaske tanpèt la fini;
- \* Estoke batri, flach, manje nan bwat konsèv ak boutèy dlo;
- \* Asire w ke detektè lafimen ak monoksid kabòn ap mache byen;
- \* Asire w ke w genyen pwovizyon medikaman ki nesesè yo.



# Vil la Pral fè Woulman Charyo

## Fatra Estanda pandan

### Prentan sa a

Nan kad efò Cambridge ap fè pou kontwole bêt nuizib tankou rat nan nivo ki pi laj, Vil la pral fè woulman yon charyo fatra estanda pou koleksyon fatra bò wout pandan prentan 2022. Depatman Travay Piblik (DPW) pral fè livrezon charyo fatra gratis nan tout bilding ki resevwa koleksyon fatra bò lavi nan men Vil la.

Pou ede kontwole rat, nouvo charyo sa yo pral ede diminye lage fatra atè nan lari/twotwa a epi sèvi ranplasman pou anpil barik nan vil la ki montre siy aktivite bêt nuizib epi ki ofri yon pwen antre fasil pou rat. Nouvo charyo a pral amelyore aksesibilite twotwa a epi amelyore ègonomi pou anplwaye DPW yo.

Pou maksimize efò pou kontwole rat yo, tanpri swiv etap annapre yo:

- Tanpri mete tout dechè manje nan charyo konpòs ki ka fèmen yan sa ki efikas anpil pou kontwle rat. Pi bon bagay nou ka fè nan kominote nou pou redui rat se retire sous manje yo. Pou mande yon charyo konpòs ak/oswa poubèl kuizin pou ranmase dechè manje nan fason apa, vizite [Cambridgema.gov/compost](http://Cambridgema.gov/compost).
- Asire w ke kouvèti charyo yo byen fèmen epi pa ranpli depase charyo a.
- Detounen nan mezi sa posib kantite fatra yo pandan w ap fè konpòs ak resiklaj, epi pandan w ap lage aparèy elektwonik ak tekstil pou resiklaj espesyal. Sèvi ak zouti Get Rid of It Right la [CambridgeMA.Gov/Recycle](http://CambridgeMA.Gov/Recycle) pou plis enfòmasyon.
- Mete charyol yo bò lari a apre 6è p.m. lannwit avan yo ranmase a oswa rive 7è a.m. jou y ap ranmase a. Charyo yo dwe kite bò lari a rive 6è p.m. jou y ap ranmase a.



Yon egzanp twa charyo fatra diferan Vil la gendwa chwazi pou nouvo pwogram nan.

Nan kòmansman 2022 Vil la pral òganize yon reyinyon Komnotinè sou nouvo pwogram nan. Vil la pral voye tou yon kat postal ak enfòmasyon sou kilè w ta dwe espere yon nouvo charyo fatra ak fason pou w debarase w de ansyen barik fatra yo. Nouvo charyo a ap vini nan twa gwochè diferan pou akomode biling ki genyen gwochè diferan. Enskri nan Bilten Enfòmasyon mansyèl Resiklaj, Konpostaj ak Fatra a pou rete enfòme nan pwogram sa a ak lòt pwogram fatra nan Vil la nan [Cambridgema.gov/Subscribe](http://Cambridgema.gov/Subscribe).

## Anvizaje Sèvi Kòm Volontè nan yon Konsèy oswa Komisyón Vil la

Vil Cambridge ap ankouraje enplikasyon rezidan yo nan pwosesis pran desizyon gras ak patisipasyon yo nan yon varyete konsèy ak komisyón. Sèvi nan yon konsèy oswa komisyón gendwa yon eksperians

anrichisan ak yon bon fason pou kontribye ak kalite lavi nan kominote w la. Anplis de sa, se objektif Vil la pou ogmante ak apwfondi angajman komnotinè ki fokalize sou ranfòsman divèsite ak enklizyon konsèy ak komisyón li yo, epi travay ak fè

echanj nan fason efikas ak endividé ansamn ak gwoup ak yon varyete ak idantite, kilti, orijin ak ideyoloji. Aprann plis sou [Cambridgema.gov/boards](http://Cambridgema.gov/boards).



## Sezon Renouvèlman Pèmi Paking Rezidan

Pèmi paking aktiyèl pou Rezidan ak Vizitè ap valid rive 31 mas 2022.

Sezon renouvèlman pou Pèmi Paking Rezidan/Vizitè 2022 pral fèt soti 3 janvye - 31 mas 2022.

Menm lè p ap genyen ankenn pèmi ki bay oswa ale pa lapòs avan 3 janvye 2022

rezidan yo gendwa kòmanse renouvèlman yo sou entènèt nan dat mèkredi 1<sup>re</sup> desam 2021. Aplikasyon sou entènèt yo pran 3-5 semèn pou yo trete.

Aprann plis sou [Cambridgema.gov/RPP](http://Cambridgema.gov/RPP).



Foto Pèmi Rezidan 2021 ak Mark Hornbuckle

# Inite Ensandi ak Maren Cambridge Ofri Repons Sipò<sup>1</sup> Ijans Dlo

Inite Ensandi ak Maren Cambridge (CFD) amelyore kapasite depatman an pou konbat ensandi maritim, sipòtè misyon sekou plonje, jesyon ijans medikal ki gen rapò ak dlo, mitigasyon devèsman pwodui danjere nan dlo, sipòtè patnè otorite ranfòsman lalwa yo, ak reponn ak nenpòt ijans ki anrapò ak dlo. Ponpye Inite Maren yo antrene epi kalifye antanke operatè bato ak manm ekipaj. Prèske tout manm yo se Teknisyen Ijans Medikal oswa Ajan Paramedikal, epi anpil ladan yo sètifye antanke Teknisyen HazMat.

Anplis travay ijans sou Charles River ak Fresh Pond, Inite Maren an se manm Massachusetts Bay Maritim Firefighting Task Force, kote y ap bay lòd èd mityèl nan ensandi bato nan zòn gwo Boston, ak North ak South Shores yo. Inite Maren an se yon manm Commonwealth Massachusetts Harbormasters ak Asosyasyon Pwofesyonèl Maritim epi li te patisipe nan anpil egzèsis gwo echèl ak patnè repons nou nan sèvis ensandi a, ranfòsman lalwa, sèvis ijans medikal, ak Gad Kot Ameriken.

Pandan ane ki sot pase a Inite Ensandi ak Maren Cambridge te deplwaye plizyè fwa pou sitiayson ki menase lavi moun nan dlo oswa anba dlo, bato ki an detrès, machin ki te fè aksidan nan dlo, ak envestigasyon materyèl danjere. Istorikman, Ponpye Cambridge te reponn ak plizyè ensidan majè sou Charles River, sa ki genyen ladann yon aksidan elikoptè nan yon anga bato, yon bis tranzit ki te tonbe nan dlo, yon ensandi debakadè ak yon ensandi fe atifis.

Flòt Inite Maritim CFD a genyen ladann:

**Marine Unit 1**, yon bato sovtaj aliminyòm pèsonalize 34' longè, 10'7" reyon, ki gen yon ponp ensandi 1 500 galon ki ka alimante yon monitiè poup oswa aryè ansanm ak plizyè liy tiyo ensandi. Li genyen tou yon



tank an mous pou konbat vapè likid ensandi. Tandiske se ansyen Chèf CFD Patrick H. Raymond ki te ba li non, Marine 1, ekipman navigasyon dènye modèl, ak materyèl komunikasyon ak deteksyon materyèl danjere. Raymond se te Chèf Depatman Ensandi Cambridge soti 1871 rive 1878 epi li te premye Chèf Ponpye Afriken Ameriken nan Etazini. Li te yon Veteran Gè Sivil Maren Etazini.

**Marine Unit 2**, se yon bato 24' longè. Marine Units 3 ak 4 genyen remòk sou yo epi yo twouve yo nan yon mezon ponpye ke yo ka rale epi deplwaye nan sitiayson ijans. Rescue Company 1 genyen tou yon bato gonflab sou aparèy yo a.

**Yon Kamyon Reskous Plonje** sipòtè Inite Maren yo nan operasyon reskous plonje ak rechèch. Li genyen sou li tout SCUBA yo (aparèy respirasyon anba dlo) ekipman, kostim sèch, ekipman komunikasyon anba dlo, ekipman plonje ke yo bay nan sifas, kamera soumaren, ak ekipman dekontaminasyon plonje.

Se mekanisyen Sèvis Teknik CFD yo ki fè antretyen baton yo adomisil.

## Nouvo Amelyorasyon Sekirite nan Massachusetts Avenue



Foto: Kyle Klein

An septanm, Vil la te reyalize yon Pwojè Amelyorasyon Sekirite nan Mid-Mass Ave, sa ki te pote yon kantite amelyorasyon sekirite ak itilizasyon wout nan seksyon Massachusetts Avenue, soti nan Inman Street rive nan Trowbridge Street. Amelyorasyon sa yo genyen ladan yo:

- Vwa bisiklèt separe sou Mass. Ave., soti Inman rive Trurobridge street;
- Amelyorasyon pave ak sinalizasyon pou kondiktè yo;
- Amelyorasyon sinalizasyon pou amelyore sekirite pyeton; ak
- Chanjman nan paking ak règlementasyon chajman pou akomode bezwen biznis ak rezidan yo.

Vwa bisiklèt separe kreye espas ki separe fizikman ak sikelasyon machin, sa ki ka ede amelyore sekirite ak konfòm moun ki sou bisiklèt. Plis enfòmasyon disponib sou pwojè a sou

[Cambridgema.gov/mid-mass-ave](http://Cambridgema.gov/mid-mass-ave).

Travay sa a an amoni ak objektif Vizyon Zewo Vil la, [Cambridgema.gov/visionzero](http://Cambridgema.gov/visionzero) epi li pral reponn ak egzijans Òdonans Sekirite Siklis lan, [Cambridgema.gov/cyclingsafetyordinance](http://Cambridgema.gov/cyclingsafetyordinance).

## Eksitasyon ap bouyi nan Hive la



An jiyè, Cambridge Public Library (CPL) te akeyi publik la nan The Hive, yon espas ouvè ki sèvi sant pou aprantisaj STEAM (Syans, Teknoloji, Jeni, Atizay, ak Mat). Espas la ofri opòtinite aprantisaj pratik ak gratis pou kominate Cambridge la, resous pou pwojè pèsonèl, epi sèvi tankou yon sant pou pataj konpetans ak kolaborasyon kreyativ.

Espas Hive la genyen ladann: yon Fab Lab, yon atelye ki ranpli ak zouti fabrikasyon dijital ak tradisyonèl, tankou machin a koud ak enprimant 3D; yon Estidyo Miltimedya pou kreye kontni odyo ak videoyo; yon Estidyo Podcast; yon Laboratwa Reyalite Pwolonje pou fe eksperyans ak eksperimente reyalite vityèl ak ogmante.

Depi ouvèti li, anviwon 400 kliyan te patisipe nan premye atelye pou tounen yon itilizatè enskri nan The Hive epi piò te patisipe nan youn nan 12 lòt atelye pou yo vin familye ak espas la. Kliyan yo te reyalize yon latrìye pwojè tankou enpresyon 3D pou ranplase pati nan kuizin ak pyès eskilpti, dekoupaj lazè wozo, ak jwèt an bwa, kreye bouton pou evènman gwoup, epi anrejistre videoyo pou pwojè lekòl.

The Hive te tounen yon fwaye pou adolesan ki nan Pwogram Ete Majistra a pou Anplwa Jèn yo k ap travay nan Biblyotèk la ak sila yo ki anplwaye nan patenarya tankou Innovators for Purpose, Recess!, ak The Hip Hop Transformation. Anplis de sa, The Hive la organize evènman tankou Fab16 yon konferans ibrid ki te dire yon semèn ki te rasable plizyè milye fabrikan atravè mond lan, pou kreye, diskite, ak imajine.

An patenarya ak Fab Foundation, CPL te mete The Hive sou Woul nan Port Pride Day kote vizitè te ka kreye bagèt pèsonalize ak lazè ansanm ak klip ki enprime an 3D.

Espas la ouvri tou pou fè patenarya ak gwoup kominotè pou pwogram espesyal ak vizit teren andeyò orè regilye yo. Moun enterese yo ta dwe kontakte thehive@cambridgema.gov pou fikse vizit yo. Aprann plis sou The Hive epi gade yon kalandriye konplè evènman sou Camb.ma/cplhive

The Hive se yon pati entegre STEAM nan Biblyotèk la ak Inisyativ pi laj STEAM Cambridge la. Inisyativ STEAM nan se yon kolaborasyon ant Depatman Pwogram Sèvis Moun Vil Cambridge, Cambridge

Public Schools, ak Cambridge Public Schools. Inisyativ Steam nan fasilité aksè ak pwogramasyon ak resous STEAM bon jan kalite pou asire ke tout rezidan Cambridge yo alfabetize nan STEAM epi posede konpetans nesesè pou reyisi, angaje, ak montre yo responsab antanke sitwaye nan yon mond k ap chanje rapidman. Espas tankou The Hive esansyèl nan kad misyon jistis rasyal Inisyativ STEAM nan paske yo ofri aksè gratis ak fasil ak teknoloji dènye kri ak devlopman konpetans.

